



# Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Gen VIH/SIDA

**S**i ou gen VIH/SIDA epi ou pa ka travay, ou ka kalifye pou resevwa benefis maladi/enfimite nan Administrasyon Sekirite Sosyal. Maladi ou a oswa enfimite ou a fèt pou li dire omwen yon lane, oswa li ka lakòz ou mouri, epi li dwe grav ase pou li anpeche ou fè gwo travay. Anjeneral, salè ke nou konsidere kom salè pou gwo travay ogmante chak ane. Pou ou jwenn chif pou ane nou ladan li a, li *Mizajou* anyèl (Publikasyon No.05-10003-HC).

Si pitit ou gen VIH/SIDA, li ka an mezi pou li jwenn Revni Sekirite Siplementè (SSI) si revni kay la ba ase.

## Men ki benefis de (2) pwogram yo peye

Nou peye benefis maladi/enfimite nan de (2) pwogram: pwogram maladi/enfimite Sekirite Sosyal pou moun ki peye taks Sekirite Sosyal; epi pwogram Revni Sekirite Siplementè pou moun ki gen ti revni ak yon ti kantite resous. Si benefis Sekirite Sosyal ou trè ba epi si lòt revni ak resous ou genyen yo pa anpil, ou ka kalifye pou benefis nan toulède pwogram yo.

## Kòman mwen ka kalifye pou benefis Sekirite Sosyal akòz maladi/enfimite?

Lè ou travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal, ou gen kredi Sekirite Sosyal. (Pifò moun gen maksimòm kat (4) kredi chak ane.) Kantite ane travay ki nesesè pou ou jwenn benefis maladi/enfimite depann de laj ou lè ou vin malad. Anjeneral, ou bezwen senk (5) ane travay pandan dis (10) ane anvan ane ou vin malad la. Travayè ki pi jèn yo bezwen yon ti kantite ane travay. Si aplikasyon ou apwouve, ou ap resevwa premye peman benefis ou pandan tout sis (6) mwa ki vini apre dat maladi ou a te kòmanse.

## Kisa ou ap jwenn nan Sekirite Sosyal?

Kantite lajan benefis ou ap jwenn pa mwa depann de kantite lajan ou te touche pandan ou t ap travay. Ou ap vin kalifye pou Medicare tou apre ou fin jwenn benefis maladi/enfimite pandan 24 mwa. Medicare ap ede ou peye swen nan lopital avèk swen pou moun ki pral mouri, tès laboratwa, swen medikal nan kay ak lòt sèvis medikal ankò. Pou plis enfòmasyon sou Medicare, kontakte nou pou publikasyon, *Medicare* (Publikasyon Nimewo 05-10043-HC).

## Kòman mwen ka kalifye pou mwen resevwa peman SSI akòz maladi oubyen enfimite?

Si ou pa t travay pandan lontan ase pou ou jwenn Sekirite Sosyal oswa si benefis Sekirite Sosyal ou piti, ou ka kalifye pou ou resevwa peman SSI si revni ak resous total ou ba ase.

Si ou jwenn SSI, ou gen anpil chans pou ou elijib pou koupon pou manje ak Medicaid. Medicaid ap okipe peye bòdwo medikal ou yo pandan ou entène lopital oswa pandan ou ap resevwa swen kòm pasyan ki pa entène. Nan kèt eta, Medicaid peye pou swen pou moun ki pral mouri, pou yon enfimyè prive avèk pou preskripsyon medikaman ki sèvi pou goumen kont maladi VIH la. Pou plis enfòmasyon sou Medicaid, kontakte biwo sèvis sosyal lokal ou.

## Kòman pou mwen aplike pou benefis yo?

Ou ka aplike pou benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa ou ka rele nan nimewo telefòn gratis nou, **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tandé oswa moun ki tandé di, rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**) pou mande yon randevou. Nou ka reponn kesyon espesifik epi ba ou enfòmasyon nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèpret pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèpret yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele na nimewo telefòn gratis nou, **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy la pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèpret pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèpret ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a nou genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou sipèvize kèk apèl telefonik.

## Kòman pou ou d`eside reklamasyon mwen?

Tout aplikasyon nou resevwa nan men moun ki gen VIH/SIDA ap trete san pèdi tan. Sekirite Sosyal travay avèk yon biwo nan chak eta ki rele *Disability Determination Services* (Sèvis pou Detèmine Maladi/Enfimite).

Biwo leta ap gade enfòmasyon ou menm ak doktè ou ban nou yo epi l ap deside si ou kalifye pou benefis yo.

Nou ka peye ou benefis SSI san pèdi tan pandan apeprè sis (6) mwa anvan nou pran yon desizyon final sou reklamasyon ou si:

- Ou p ap travay;
- Ou satisfè règleman SSI konsènan revni ak resous; epi
- Doktè ou oswa lòt sous medikal sètifye enfeksyon VIH ou a grav ase pou satisfè règleman elijiblite medikal nou genyen.

## Kòman mwen ka ede pou reklamasyon mwen an trete pi vit?

Ou ka ede pou reklamasyon ou a trete pi vit depi ou gen sèten enfòmasyon nan moman ou ap aplike a. Pami enfòmasyon sa yo, genyen:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou ak batistè ou ak nimewo Sekirite Sosyal ak batistè nenpòt manm fanmi ou ki ka aplike pou benefis; epi
- Yon kopi pi resan fòm W-2 ou. (Si ou ap aplike pou SSI, n ap bezwen enfòmasyon tou sou revni ou ak resous ou; pa egzanp, etadkont labank ou, dosye chomaj ou, resi lwaye ou ak papye anrejistremant oto ou.)

N ap bezwen tou enfòmasyon sou:

- Non ak adrès nenpòt doktè ou, lopital oswa klinik kote ou te ale pou tretman;
- Fason VIH/SIDA afekte aktivite toulejou ou, tankou netwayaj kay ou, al fè acha, kwit manje, pran otobis, elatriye; epi
- Kalite djòb ou te fè pandan dènye 15 lane yo.

Anplis, n ap mande doktè ou pou li ranpli yon fòm ki ap endike nou fason enfeksyon VIH la afekte ou. Rele nan nimewo gratis la pou mande fòmilè "SSA-4814" pou adilt oswa fòmilè "SSA-4815" pou timoun.

Ou ta dwe pote fòmilè a bay doktè ou pou li ranpli epi pote oswa poste fòmilè ki ranpli a ban nou.

## Kisa ki ap pase si mwen retounen travay?

Si ou retounen travay, gen règleman espesyal ki ap pèmèt benefis ou yo kontinye pandan ou ap travay la. Règleman sa yo enpòtan pou moun ki gen VIH/SIDA ki ka an mezi pou retounen travay lè yo santi yo byen.

Pou plis enfòmasyon sou règleman sa yo, mande yon kopi piblikasyon *Travay Lè Ou Gen Yon Maladi/Enfimite—Kòman Nou Ka Ede* (Piblikasyon Nimewo 05-10095-HC) nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

